

**APWOUVE PA
INTEGREVIEW IRB
8 Out 2018**

Chè Paran/Gadyen,

Nou envite pitit ou pou patisipe nan yon etid rechèch sou pwogram tan apre lekòl pitit ou pou amelyore ansèyman elèv la nan syans, teknoloji, jeni, ak matematik (STEM), (“oumenm” refere a oumenm oswa pitit ou nan tout fòm konsantman sa a). Pwogram tan apre lekòl sa a (Pwogram) ap fèt nan kad yon inisyativ nan tout vil la (Inisyativ BoSTEM la) apati Septanm 2018 jiska Out 2019. Inisyativ sa a, ki jere pa United Way of Massachusetts Bay ak Merrimack Valley (UW), Boston Public Schools (BPS), ak Boston After School and Beyond (BASB). Plizyè òganizasyon rechèch yo pral sipòte Inisyativ BoSTEM: National Institute on Out-of-School Time (NIOST), PEAR Institute (PEAR), ak The Evaluation Group (kolektivman, Òganizasyon Rechèch).

Kathy Dowell, PhD te fè rechèch la e li finanse pa Depatman Edikasyon Etazini.

Nou entere nan kòmantè pitit ou sa ki gen ladan sondaj sou enterè l nan pwogram lan ak nan syans ak teknoloji. Nou pral mache enfòmasyon sa a avèk done lekòl elèv la sa ki pral ba nou enfòmasyon ki pral sipòte pwogram STEM amelyore grasa aktivite apre lekòl.

Nou pral kenbe tout enfòmasyon yo konfidansyèl, nan biwo prive ak òdinatè pwoteje. Nou pa pralibliye anyen ki pral idantifye nenpòt elèv antanke yon endividi. Gwoup yo pral rapòte tout enfòmasyon yo (pa egzanp tout tifi yo nan klas 4^{yèm} ane oswa tout timoun yo nan lekòl sa a.).

Lè ou ranpli, siyen, epi retounen fòm konsantman sa a, ou rekonèt epi dakò avèk sa ki annaprè a:

1. BASB ak Òganizasyon Rechèch yo ak BPS pral gen aksè nan enfòmasyon demografik ak akademik sa yo sou pitit ou (yo jwenn nan Pwogram sa a ak/oswa BPS): lekòl li te frekante, ras/gwoup etnik, sèks, nivo klas, laj, dat nesans, estati (Etidyan Langaj Anglè) English Language Learner (ELL), estati, kòd postal kay la, kòd pou bezwen spesyal, dosye disiplin, (sispansyon, ekspilsyon), nòt egzamen ofisyèl, (Idantifikasyon Eta a Asiyen bay Elèv la) State Assigned Student Identifier (SASID) ak Idantifikasyon Boston Public Schools.

2. BPS ka pataje kèk nan enfòmasyon sou dosye akademik pitit ou avèk anplwaye a bi non likratif nan kominote a ki ede planifye ak jere Pwogram lan. Yo pral itilize done sa pou planifikasyon pwogram e yo pa pral pataje l nan piblik nan okenn fason.

3. Yap mande elèv ki nan klas 6-8 ^{yèm} ane yo pou yo konplete yon sondaj ki rele Sondaj *NIOST (Sondaj sou Rezilta Akademik Jèn yo) Survey on Academic and Youth Outcomes* SAYO Y a se yon ti sondaj kout sou entènèt yo fè nan fen pwogram nan pou yo poze elèv yo kesyon sou eskperyans program nan, sans konpetans, ak plan yo genyen pou lavni. Patisipasyon nan sondaj sa a volontè e li ka sispann nenpòt lè san penalite. Sispann patisipasyon pa pral afekte nòt elèv la (yo), oswa relasyon avèk pwofesè oswa avèk administrasyon lekòl la. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan sondaj sa a, itilizasyon done sa yo, oswa kesyon sou patisipasyon pitit ou nan etid sa a, kontakte Doktè Georgia Hall nan (781) 283-2530 oswa ghall@wellesley.edu, oswa Nancy L. Marshall nan nmarshall@wellesley.edu.

4. Yo ka mande elèv ki aktyèlman nan klas 6-8 ^{yèm} ane yo pou yo pran yon sondaj ki rele Common Instrument survey (“CI”), ki devlope pa PEAR. CI la se yon sondaj kout ki te fèt de fwa sa ki evalye enterè nan syans, teknoloji, jeni ak matematik. Yo pral itilize rezilta CI yo pou amelyore kontni ak livrezon pwogram. Patisipasyon nan sondaj la volontè e elèv yo ka sispann sondaj la nenpòt lè san penalite. BASB, BPS, ak Òganizasyon Rechèch yo pral gem alsè nan done ak rezilta CI yo. PEAR gen dwa pou l itilize tout done CI yo alafwa nan rechèch ak edikasyon. Si ou ta gen nenpòt kesyon konsènan CI, kontakte Jane Aibel nan 617-484-0466 ekstansyon 204 oswa imèl jaibel@mclean.harvard.edu.

SA A SE YON DOKIMAN ENPÒTAN - KENBE L POU PWOCHEN REFERANS

KONTWÓL VÈSYON

mjc/2-14-18 snb/4-4-18 lnt/5-30-18 jbm/8-8-18

**APWOUVE PA
INTEGREVIEW IRB
8 Out 2018**

Konfidansyalite ak Koleksyon Done

Nap kenbe konfidansyèl tout done nou kolekte ki kapab idantifye pitit ou. Nan piblik rapòte rezilta rechèch, gwoup done sèlman ak/oswa done ki idantifye, se sèl gwoup done ak/oswa done dezidantifye ki pral rapòte. Nan okenn moman yon rapò piblik pa pral idantifye yon elèv nan okenn fason. Sèl eksepsyon pou konfidansyalite pral nan ka kote nenpòt divilgasyon enfòmasyon ta endike yon timoun an danje.

Inisyativ BoSTEM lan pral swiv tout lwa aplikab federal ak eta ki pwoteje enfòmasyon pèsònèl ki gen rapò avèk sante elèv la (egzanp., HIPAA ak FERPA), sa ki gen ladan kenbe pwosedi pwoteksyon ak elektwonik ak fizik apwopriye. Enfòmasyon elèv la konfidansyèl e nou pa pral pataje oswa diskite l avèk okenn moun ki andeyò anplwaye ak patnè Inisyativ apwouve BoSTEM lan. Yo pral estoke ansekirite tout done ki te kolekte pou Inisyativ BoSTEM lan nan kote ki byen fèm, oswa dosye òdinatè sekirize oswa sou sèvè òdinatè ki aksesib sèlman pou anplwaye Inisyativ BoSTEM ki apwouve ak fòm. Yo pral kenbe done yo pou senkan.

Piblikasyon Foto ak Videyo

BPS, BASB ak/oswa patnè/ajan yo ka fè videyo oswa pran foto patisipasyon pitit yo nan Inisyativ BoSTEM lè yo itilize videyo ak/oswa fotografi dijital. Yo ka pran imaj sa yo anvan, pandan, oswa apre pwogram lan. Yo ka itilize imaj sa yo nan bi pou pataje patisipasyon pitit ou ansanm avèk pèspektiv yo ki gen rapò avèk yon odyans piblik. Yo ka pibliye, afiche, oswa jwe imaj yo atravè yon varyete chèn kominikasyon, sa ki gen ladan men ki pa limite a enpriye, televizyon, ak/oswa entènèt. Non pitit ou pap nan videyo yo.

Risk Posib paske ou Patisipe

Risk ki gen rapò avèk Inisyativ BoSTEM yo pa pi gran pase sa ki ta enplike nan aktivite woutin nòmal chak jou.

Peman paske ou Patisipe

Yo pa p peye ni oumenm oswa pitit ou paske ou te patisipe nan etid sa a.

Dwa Legal

Ou pap pèdi okenn nan dwa legal ou yo paske ou siyen fòm konsantman sa a.

Altènativ paske ou Patisipe nan Etid la

Kòm etid sa a se pou rechèch sèlman, sèl lòt chwa se ta pou pa nan etid sa a.

Benefis posib

Gen plizyè benefis posib akòz ou patisipe nan Inisyativ BoSTEM lan, sa nou kwè ki depase lajman nenpòt risk. Pitit ou ka jwenn patisipasyon nan Inisyativ amizan ak enteresan BoSTEM. Pitit ou ka aprann konpetans valab epi resevwa sipò enstriksyon ki kapab amelyore lòt konpetans ki baze sou lekòl. Enfòmasyon yo kolekte yo ka ede lekòl pitit ou devlope resous pou elèv ak pwofesè yo kontinye Inisyativ BoSTEM lan. Anplis, patisipasyon pitit ou ka benefisye posibman lòt elèv ak lekòl yo lè li ede yo aprann plis sou Inisyativ BoSTEM.

SA A SE YON DOKIMAN ENPÒTAN - KENBE L POU PWOCHEN REFERANS

KONTWÒL VÈSYON

mjc/2-14-18 snb/4-4-18 lnt/5-30-18 jbm/8-8-18

**APOUVE PA
INTEGREVIEW IRB
8 Out 2018**

Enfòmasyon Kontak

Si ou gen kesyon sou Inisyativ BoSTEM lan a nenpòt lè oswa si ou gen yon difikilte vizyèl oswa lòt pwoblèm e ou bezwen materyèl nan lòt yon fòm, tanpri kontakte Joe Rosenbaum nan 617-624-8108 oswa jrosenbaum@supportunitedway.org.

Si ou pa vle avèk chèchè a oswa anplwaye etid la, si ou gen enkyetid oswa plent sou rechèch la, oswa si ou vle mande kesyon sou dwa ou genyen antanke yon patisipan nan rechèch la ou ka kontakte IntegReview. Règleman IntegReview yo endike yo dwe soumèt tout plent/enkyetid yo alekri pou revizyon nan yon reyinyon IRB konvoke nan:

Adrès Postal:	OSWA	Adrès Imèl:
Chairperson IntegReview IRB 3815 S. Capital of Texas Highway Suite 320 Austin, Texas 78704		integreview@integreview.com

Si ou pa ka bay plent/enkyetid ou alekri oswa si se yon sitiyasyon ijans osijè sekirite patisipan, kontakte biwo nou an nan:

512-326-3001 oswa
telefòn gratis 1-877-562-1589
ant 8 a.m. ak 5 p.m. Lè nan Sant

IntegReview te apwouve enfòmasyon an nan fòm konsantman sa a e li te bay apwobasyon pou chèchè a enpleman Inisyativ BoSTEM lan. Sa a pa vle di ke IntegReview te apwouve patisipasyon pitit ou nan Inisyativ BoSTEM lan. Ou dwe konsidere enfòmasyon nan fòm konsantman sa a pou oumenm epi deside si ou vle pitit ou patisipe.

SA A SE YON DOKIMAN ENPÒTAN - KENBE L POU PWOCHEN REFERANS

KONTWÒL VÈSYON

mjc/2-14-18 snb/4-4-18 lnt/5-30-18 jbm/8-8-18

**APOUVE PA
INTEGREVIEW IRB
8 Out 2018**

Akò pou Patisipe

Lè ou siyen fòm sa a anba, Mwen bay pèmasyon pou pitit mwen patisipe nan Inisyativ BoSTEM apati Septanm 2018 jiska Out 2019, e mwen rekonèt ke mwen te li, konprann epi dakò avèk tout aspè yo nan Inisyativ BoSTEM jan li dekri nan fòm konsantman sa a.

Tanpri tcheke tout òganizasyon yo pitit ou patisipe nan aktivite ete oswa apre lekòl pandan peryòd Septanm 2018 pou rive Septanm 2019:

- | | |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Breakthrough Boston | <input type="checkbox"/> Latino STEM Alliance |
| <input type="checkbox"/> Citizen Schools | <input type="checkbox"/> Massachusetts General Hospital |
| <input type="checkbox"/> CitySprouts | <input type="checkbox"/> Sociedad Latina |
| <input type="checkbox"/> Community Boat-Building | <input type="checkbox"/> Thompson Island |

Tanpri tcheke youn nan opsyon anba.

_____ Mwen te li epi konprann enfòmasyon konsantman sa a, e **Mwen dakò** pou kite pitit mwen patisipe nan Inisyativ BoSTEM lan.

OSWA

_____ Mwen te li epi konprann enfòmasyon konsantman sa a, e **Mwen pa dakò** pou kite pitit mwen patisipe nan Inisyativ BoSTEM lan.

Tanpri bay enfòmasyon ki annaprè a. Tout enfòmasyon ou bay toutafè konfidansyèl e nou pap pataje l avèk okenn moun ki pa nan ekip rechèch BoSTEM lan:

1. Nimewo ID BPS pitit ou se: _____
2. Nan ki klas pitit ou ye kounye a?
 6 yèm
 7 yèm
 8 yèm
3. Ki dat nesans pitit ou? _____
4. Nan ki sèks pitit ou pi idantifye l?
 Fi
 Gason
 Prefere pa reponn
5. Èske pitit ou Panyòl/Latino, oswa orijin Panyòl?
 Wi Non
6. Kijan ou ta dekri pitit ou? (tcheke tout sa ki aplike):
 Natif natal Alaska oswa Endyen Ameriken

SA A SE YON DOKIMAN ENPÒTAN - KENBE L POU PWOCHEN REFERANS

KONTWÒL VÈSYON

mjc/2-14-18 snb/4-4-18 lnt/5-30-18 jbm/8-8-18

- APOUVE PA**
INTEGREVIEW IRB
8 Oct 2018
- Azyatik
 - Nwa oswa Afriken Ameriken
 - Natif natal Awayi oswa Lòt Zife Pasifik
 - Blan

SA A SE YON DOKIMAN ENPÒTAN - KENBE L POU PWOCHEN REFERANS

KONTWÒL VÈSYON

mjc/2-14-18 snb/4-4-18 lnt/5-30-18 jbm/8-8-18

**APOUVE PA
INTEGREVIEW IRB
8 Out 2018**

Enprime non paran/gadyen: _____

Siyati Paran/gadyen: _____

Ekri non elèv: _____

Non Elèv nan Pwogram Tan apre lekòl: _____

Lekòl: _____

Dat: _____

Ou pral resevwa yon kopi siyen ak date nan fòm konsantman sa a pou kenbe.

Nou apresye paske ou te pran tan pou konsidere fè pati nan inisyativ BoSTEM.

SA A SE YON DOKIMAN ENPÒTAN - KENBE L POU PWOCHEN REFERANS

KONTWÒL VÈSYON

mjc/2-14-18 snb/4-4-18 lnt/5-30-18 jbm/8-8-18